ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№80 (24.050) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, гъубж ● Тхъэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ К. В. КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIхэмрэ и лэжьакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ IуэхущIапIэр къыззырызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ

КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ IущIащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав.

КъЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Iэтащхьэр щIыналъэ ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIхэмра абы и лэжьакIуэхэмра ехъуэхъуащ Iуэхущ1апIэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ икIи фIыщIэ яхуищIащ республикэм и хэхныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIам папщIэ, узынII быдэ, ехьулIэныгъэ яIэну зэригуапэр хиIащ.

КIуэкIуэ К. В. къыхигъэщащ Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуа урысейпсо IэIэтыр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэщIэгъэуIуаэу, тэмэму къызэрагъэпэщу зэрыщрагъэкIэкIар. КъБР-м и Iэтащхьэм участкэ хэхакIуэ комиссэхэм, кIэлъыплъакIуэхэм щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ Iэ зыIэтыну хъекIуалIэхэмрэ къызэрэпэщакIуэхэмрэ санитар-эпидемиологие шынагъуэншагъэм и хабзэхэм нэсу зэрытетам папщIэ.

IэIэтыр махуитхукIэ екIуэкIащ. А Iуэхур къызэрэпэщыным егупуащ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэ 13-м, участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-м хэт лэжьакIуэ минищым нэблагъэ, кIэлъыплъакIуэу 1300-рэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лIыкIуэхэмрэ волонтёрхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэр КъБР-м и Президентым и Указымрэ КъБР-м и Парламентым и Унафэмрэ апкъ иткIэ къызэрагъэпэщащуэ щытащ 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м. Илъэс 25-м кърибыдэу Iуэхущапlэм республикэм къыщызэрагъэпэщащ икIи щригъэкIуэкIащ хэхныгъэм епха кампаниеу 700-м щIигъу, абыхэм федеральнэ мыхьэнэ зиIэу 14-рэ иджырей Урысейм щыяпэу иджыблагъэ щыIа урысейпсо IэIэтымри хэту.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Зи чэзу интервью

Пэжымрэ пцIымрэ ятеухуауэ иджыри зэ

Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэту, КъБР-м и Правительствэм, Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ министерствэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я сауГъэтхэр къратащ, Кавказыр джыным хуэгъэпса дунейпсо зэгухьэныгъэм хэту, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ я журналистщ, Абхъазым и «ПщIэрэ щIыхьрэ» къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр къыхуагъэфэщащ.

- Мухьэмэд, Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэу Тыркум щылажьэм (КАФФЕД) и гуащэ Шекерджи Йилдыз УФ-м и Конституцэм хэлъхьэ зэхъуэкIныгъэхэм ятеухуауэ иджыблагъэ жиIахэм уэрерплъыр сщIэну сыхуейт. А зэхъуэкIныгъэхэр лъэпкъхэр зэхуэгъэдэным, федерализмэмрэ къэралым и демократие ухуэкIэмрэ зэран хуэхъуну жыхуиIахэр дауэ къыпщыхъур? Апхуэдэу ткIийуэ ар къызэрыпсэльар Урысейм и къэрал кIуэцI Iуэхуэхэм къыхэIэбэу къэплъытэ хъунукъэ?

- Шекерджи, нэхъ щабэIуэу жыпIэнумэ, емыгупсысащ псэльащ. Урысейм ис лъэпкъ псори я хуитныгъэкIэ зэхуэдэщ. Абы жиIам къикIыр ар урысей зэхэтыкIэм зэрыщымыгъуазэрщ.

Ди къэралыгъуэ лъэщым ис лъэпкъхэм я псэкупсэ щэнхабзэр зэхуэмыдэнкIи хъунущ. Апхуэдэу щытми, дэ дыщышынэркъым лъэпкъхэр зэрызэмыщхьми, сыту жыпIэмэ кавказ щIыдэлъху лъэпкъхэр нэхъыщхьэмкIэ - ди хуэзэсапIэхэмкIэ, хабзэхэмкIэ, Урысейм хьэлэчу хуэлэжьэным хуэгъэзэ ди мурадхэмкIэ - дыззэтохуэ.

- Уэ узипашэ зэгухьэныгъэм, ДАХ-м хьихьэм, и лэжьыгъэр хуэунэтIащ адыгэ лъэпкъым зэгъэужьыжьыным, абы и щэнхабзэ, псэкупсэ къулеигъэхэр гъэбзагъэным. А къэпсалъэр мы зэманым дауэ зэрекIуэкIыр? Абы и Iуэхущ1апфэхэм ущIыхуэзышIэн гуэрхэр хэлъ?

- КъБР-м и «Адыгэ Хасэр» къызэрызэрагъэпэщрэ иджыблагъэ илъэс 30 ирикуауэ. Иужьрей илъэс 10ощым ар еш имыщIэу яужь итщ ди республикэм ди къэралгъуэми щыпсэу адыгэхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкIыным, жылагъуэм щыIэ зэпIэзэрытыныгъэр къэзыгъэтIэсхъэну, лъэпкъхэр зэщызэгъэIеину хэтхэм, залымыгъэмрэ зауэмрэ щIыхуэхэр къыхуеэзыджэхэм япэщIэтщ.

Шэч хэмылъу, ди лэжьыгъэм къытехьащIыхьхэри, абы ныкъуасныгъэ гуэркъэ хэзыльагъуэхэри щыIэщ. Арыншэу дауэ? Апхуэдэу щытми, щымыуэр зыри зымыщIэращ. Дэ апхуэдэхэм я чэнджэщхэм додалIуэ, ди лэжьыгъэм хальэгъуэ ныкъуасныгъэхэр зэрыдгъэзэкIуэжьным яужь дитщ. Дызэгъусэу долажь жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, КъБР-м и лъэпкъхэм я зэныбжьыгъуэгъэ гъэбыдэным, апхуэдэуи щIалэгъуалэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр пхагъэкIыныжьIэ защIыдогъакъуэ, къызыхэкIа лъэпкъым, зэрыщыту Урысейм я щэнхабзэхэм я нэхъыфIыпIэр зыхалъхьэным худоуций, адыгэхэм я тхыдэм, хабзэхэм щIэблэр щыдогъэгъуазэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым

Правительствэм и лэжьыгъэм хоплъэж

КъБР-м и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и спикер Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэхуэсым щызэпкърахащ КъБР-м и Правительствэр 2019 гъэм зэрылажьа щIыкIэр.

ЭэлущIэм хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъум телсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Ар щхьэхуэщхьэхуэу къытеувыIащ экономикэ IэнатIэм, псэукIэм епха унэтIыныгъэм, Правительствэм и лэжьыгъэм, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхьум.

Макроэкономикэ щыткIэр

Зыужьныгъэмрэ Правительствэм и пщэрылъхьэмрэ лъабжьэ яхуэхъур макроэкономикэ зэпIэзэрытыныгъэрщ. Мис ар зыхуейр хуэзэу къызэгъэпэщныкIыр Правительствэм и къару псори зыхуэунэтIауэ щытар. 2019 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэм нэхъыщхьэу хэлъахэр убзыхуауэ утыку кърихьащ Мусуковым. Валовэ щIыналъэ продуктыр иджыпсту сом меларди 150-м нэсащ (2018 гъэм елытауэ проценти 101,1-рэ мэхуу). ВРП-м зэпIэзэрыту зиужьныкIэ сэбэп мэхуу промышленнэ комплексыр, мэкъумэш IэнатIэр, ухуэныгъэр, хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ я зыужьныгъэр, щIыналъэм къакIуэ инвестицэм и куэдагъэр.

Промышленнэ IэнатIэм ехьэлIауэ КъБР-м и Правительствэм и лэжьыгъэр иужьрей илъэсым зытеухуауэ щытар инвестицэ проектхэр ди хэгъэгум щыгъэзэщIэныкIэ дэIэпыкъуэгъу хъунырщ, республикэм ит предприятэхэм къыщIагъэкIэр ди деж къыщыгъэсэбэпыжьынырщ, хамэ къэрал къыщыщIагъэкIэр ириззтхъуэкIыу, техникэ и лъэныкъуэкIэ зэщIэуэзэдэныкъэ производствэр егъэфIэкIуэныкъэ федеральнэ мылъку хэлъхьэныгъ.

Ерыскъыуэ къыщIагъэкIым и куэдагъэр Урысейм ику иту къыщыщIагъэкIым нэхърэ нэхъыбэ хъуащ, ар проценти 109,7-рэ мэхуу. Урысейм а бжыгъэр зэрыщыхъур проценти 102,4-рэщ. Мы бжыгъэмкIэ ди республикэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыетIуанэщ.

Энергетикэ

Электрическэ сетхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным папщIэ хэгъэгухэм инвестицэ программэхэр щолажьэ. Дызыхэплъэк IIалъэм «Кавказ Ищхьэрэ МРСК» ПАО-м сом мелуан 945-рэ и уасэ инвестицэ Iуэхуэхэр щызэфIагъэкIащ, ар илъэсым трагъэкIуэдэну хухахам нэхърэ хуэдэ зырэ ныкъуэкIэ нэхъыбэщ.

2019 гъэм республикэм езым къилэжьыж электрокъарур нэхъ мащIэ хъуащ. Ар къэзыхэкIар Бахъсэн ГЭС-мрэ Аушыджэр ГЭС-мрэ зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIарщ. Дызэрыт илъэсым апхуэдэ къэхъужьын хуейкъым.

Мы гъэм Бахъсэн ипщэ МГЭС-ми и уху ныгъэр зэфIэкIащи, республикэм и энергетикэ къарурэм къахэхъуэнущ.

Транспортыр, гъуэгу инфраструктурэр

Мусуковым къыхигъэщащ 2019 гъэм псоми зэхуэдэу къагъэсэбэп федеральнэ, щIыналъэ гъуэгурэр зэгъэпэщыжьыным сом меларди 5-м щIигъу зэрырагъэкIуэдар. Апхуэдэ лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, автомобиль гъуэгуу километр 64-рэ яукIуэдиящ.

Мэкъумэш IэнатIэ

Мэкъумэш IэнатIэм къита продукцэм и уасэр иджы япэу сом мелард 50-м фIэкIри, сом мелард 54-рэ хэхъуэу диIащ, ар 2018 гъэм елытауэ процент 5-кIэ нэхъыбэщ.

Гъавэ щIапIэ гектари 100-м къыщIатхащ хуэдэ 1,9-кIэ нэхъыбэщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм къыщыгъэтхащ нэхърэ, 2,9-кIэ нэхъыбэщ къэралым ику иту къыщытрахам нэхърэ. Мы IэнатIэмкIэ ди республикэм япэ super щIыгъщ КИФЦЩ-м.

Гъавэ щIапIэхэм псы зэрыщIагъэхьэ технологиещIэхэр къагъэсэбэп, хадэхэкI лIэужьыгъуэфIхэр трасэ зэрыхъуам къыпэкIуа хъерщ ар, 2019 гъэм тонн мин 404,4-рэ республикэм къыщытрахыжащ.

Техникэ 60-м щIигъу къащIэхуащ. МэрабкIэ лIэужьыгъуэу тонн мин 350-рэ къытрахащ. Пхъэщхьэмыщхьэу къыпачыжам и бжыгъэр процент 36-кIэ нэхъыбэ хъуащ, иджыри гектар 2580-м жыг щыхасэну загъэхьэзыр.

Iэщ зехуэным къыпэкIуа валовэ продуктым сом мелард 23-рэ къыщIэкIащ (ар процент 4-кIэ нэхъыбэщ 2018-м къыщIахам нэхърэ).

Мэкъумэш IэнатIэм федеральнэ, республикэ мылъкым къыхэкIыу халъхьэ ахъшэр зэи зэпыуакъым. Псори зэхэту къапщтэмэ, сом мелард 1,8-рэ халъхьащ.

Ухуэныгъэмрэ инвестицэхэмрэ

Экономикэм и зыужьныгъэр куэдкIэ зэлъытахэм ящыщщ ухуэныгъэр. Нэгъабэ абы текIуэдащ сом мелард 23-рэ, ар проценти 4-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым нэхърэ. ПсэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 474-рэ ятащ (проценти 8,8-кIэ нэхъыбэщ 2018 гъэм елытауэ). Социальнэ инфраструктурэмри и мылъку-техникэ лъабжьэр зыхуей хуагъэзащ. Iуэхущ1апIэщIэхэр ухуэныр, кьызэIухыныр, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынкIэ 2020 гъэми зи ужь и Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

Инвестицэхэм я гуПу пщIымэ, ди мылъкум къыхалъхьа инвестицэр сом мелард 44-рэ мэхуу, ар проценти 10,3-кIэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым елъытауэ.

2019 гъэм хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ къэралым дэIэпыкъуныгъэу сом мелуан 330-рэ къыхуаутIыпщащ. Субъектхэм я микрокредит фондым щIыхуэу 77-м ахъшэ къыратащ, хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ зрагъэужьыкIыным папщIэ, апхуэдэ дыдэу хьэрычэтыщIэхэм защIигъэкъуащ КъБР-м и фондми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ КъБР-м и хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ сом мелард 13 халъхьащ.

Иджыпсту республикэм щолажьэ зи щхьэ Iуэху зезыхуэк хьэрычэтыщIэу мин 13-рэ хьэрычэт Iуэхущ1апIэ мыин зыгъэлажьэу 5049-рэ. Абыхэм илъэсым кIриубыдэу налогыу къатащ сом зи мелард.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КъызэрымыкIуэщытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №196-УГ-мкIэ къащтам, теуху Положениэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къызэрымыкуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №196-УГ-мкIэ къащтам, теуху Положениэм зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэн, 10-нэ пунктым хэт «Урысей Федерацэм Граждан зыхъуэмэжьныгъэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ дунейм и къэхъуэкащIэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжьынымкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№76-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къызэрымыкуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэщтэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм хэтхэу мы Указым щIыгъур.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къызэрымыкуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыдигъэкIа Указ №196-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№77-УГ

(Комиссэм хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр 2019 гъэм зэрылажьам кърикIуахэм ятеухуа отчётым и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр 2019 гъэм зэрылажьам кърикIуахэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къигъэхьа отчётым едIэуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIы**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр 2019 гъэм зэрылажьам кърикIуахэм ятеухуа отчётыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм 30-м
№164-П-П

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 7, *гъубж*

♦Тенджыз, псы флотхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦Осетие Ищхьэрэ - Аланием егъэлъапIэ Республикэм и махуэр
♦Японием щагъэлъапIэ Лъагъуныгъэм и махуэр
♦1687 гъэм Ньютон Исаак къихутащ дунейм зыщIэзышэ къару зэрыхэлъыр.
♦1918 гъэм Советхэм Екатеринодар (иджырей Краснодар) щрагъэкIуэкIа съэдым унафэ къыщащтащ Кавказ Ищхьэрэ Республикэ къызэгъэпэщныным теуХуауэ.
♦1920 гъэм Антверпен (Бельгие) щыщIидзащ VII гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм. Ар къызэIухыным теуХуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIар щыщхьэуIум и 14-рщ.
♦1923 гъэм Азербайджан ССР-м хьэхуэу къызэрагъэпэщащ Нагорнэ Карабах автономнэ областыр.
♦1932 гъэм Iуэш промышленностым и щIэныгъэхъухтакIуэ институту Ленинград къалэм дэтым къэралым щыяпэу къыщагупсысащ щэр зэрагъэгъуэ, иужькIэ ар зэрахьэж Iэмалыр.
♦1941 гъэм Киев фашистыдзэхэм ящыхьумэным теуХуа зауэшхуэм щIидзащ. ФокIадэм и 26 пщIондэ гуащIэу зэпэщIэтауэ, къэлэр нэмыщхэм иратри, советыдзэхэр икIуэтын хуей хъуат.
♦1971 гъэм КIыщокъуэ Алим ССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.
♦Белорусием и щIыхьэ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, драматург,БССР-мрэ УССР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ я академием и академикыу щыта **Купалэ Янкэ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Луцевич Иванщ**) къэзрагъэпэщащ илъэси 138-рэ ирокъу.
♦Опернэ уэрэджыкIуэ цIэрыIуэ, ССР-м и цIыхубэ артистка, Налшык мызэмыгIэу щыIа **Образцовэ Еленэ** къызэрагъэпэщащ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦УсакIуэ, тхакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Хьурмэ Хьусен** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Италием щыщ композитор, уэрэджыкIакIуэ цIэрыIуэ **Кутуньо Тото** (и цIэ дыдэр **Сальваторещ**) и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Политик, КъБР-м и Парламентым и депутат **Iэпщэ Заур** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.
♦Урысей биатлонисткэ цIэрыIуэ, Олимп Джэгуэхэм я дыщэ медалхэр тIэунейрэ къэзыхьа, дунейпсо чемпионатхэм хэнейрэ щытекIуа **Медведцевэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык щыщытынущ. Хуабэр мазхуэм градус 33 - 35-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 8, *бзэгъэжьей*

♦Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжьыным я урысейпсо махуэщ
♦УФ-м и Дзэ-Хьуа Къаруэхэм я ракетдзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ
♦951 гъэм Франджым и щыхьэр Париж ухуэн щIадзащ.
♦1918 гъэм Киев къыщызэрагъэпэщащ Украинэм и Къэрал Сенатыр.
♦1944 гъэм ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» щIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» къащтащ.
♦1997 гъэм Урысейм къыщащтащ паспортым теухуа хабзэщIэ - къэралым и щIыхуу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа дэтхэнэми ар иIэн хуейуэ ягъэуваща.
♦Совет авиаконструктор цIэрыIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Поликарпов Николай** къызэралъхьэрэ илъэси 128-рэ ирокъу.
♦Совет физик лъэрызехь, академик, Нобель и саугъэтыр 1978 гъэм зрата **Капицэ Пётр** къызэралъхьэрэ илъэси 126-рэ ирокъу.
♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и хэхыгъуэплIым я депутату щыта **Севастьянов Виталий** къызэралъхьэрэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ кинормрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мягков Андрей** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Москва дэт «Сатирикон» театрым и художественнэ унафэщI **Райкин Константин** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, «Мосфильм» концерным и унафэщI, УФ-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Шахназаров Карен** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Актёр, уэрэджыкIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Певцов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Урысей уэрэджыкIакIуэ, «Дыщэ граммофоныр» тIэунейрэ зыхуагъэфэща, нэгъуэщI саугъэтхэри зыхуагъэтIысащ **Фриске Жаннэ** къызэралъхьэрэ илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр мазхуэм градус 28 – 32-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

ЛъэпкъIущыгъэ:
ФIэщ хъуныгъэ хущхъуагъэ хэлъщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал бюджетым щыщу иджыри сом мелуан 44-м щIигъу къратынущ социальнэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэхэм хущIагъун папщIэ

Урысейм и щIыналъэхэм иджыри сом меларди 3,6-рэ хуэдиз иратыну траухащ. Ахэр трагъэкIуэдэнущ коронавирус узыфэр зыпкърытхэр щагъэхъуж социальнэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэхэм яхущIыгъуным. Абы лъабжьэ хуэхъур а сымаджэщхэм щылажьэхэм я улахуэхэм хущIагъу ахъшэхэр иджыри мазитIкIэ - фокIадэм и 15 пщIондэ - иратын хуейуэ зэрагъэуварщ. Ар щыубзыхуа унафэм Iэ щIидзащ УФ-м Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил. Псори зэхэту къэрал бюджетым щыщу сом мелард 11-м щIигъу трагъэкIуэдэнущ а Iуэхум.

НОБЭМ ирихьэлIэу я къалэнхэр нэхъыбэ, нэхъ гъэзэщIэгъуэй зэрыхъуам папщIэ лэжьакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ахъшэу щыхущIагъуащ сом мелуан 21-рэ. Зи гугъу щIа мурадхэм трагъэкIуэдэн папщIэ республикэм иджыри сом мелуан 44,6-рэ къыхуаутIыпщынущ. А ахъшэр трагъэушэнущ КъБР-м и социальнэ Iуэхущ1апIитхум, карантин мардэм тету зэхэущIауэ зи къалэнхэр зыгъэзэщIэхэм, я лэжьакIуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м къыдигъэКІа Указ №77-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къыззэрымыкіуэ щытыкіэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкіуэдыжынымкіэ, мафіэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкіэ и комиссэм

ХЭТХЭР

Кіуэкіуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Комиссэм и унафэщІ)*

Къуныжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ дунейм и къахъукъащІэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Асанов З. И. - ЩІыІэпсыр кьыззэрагъэсэбэпым кІэлъплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Казказ Ищхъэрэ щІыналъэзэхуаку Управленэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Уэтэр В. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру щыІэм и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Іэхъуэбгч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Бажэнэ Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзэнэ Іэхуэщ Іапіэм и унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Беккиев М. Ю. - Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъплъныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и «Бгы лъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Іэхуэщ Іапіэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Бэрбэч А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Бжьыхьэкъуэ А. П. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іэхуэхэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэзэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудамэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Быф Б. Хь. - щІыІэпс, технологие, атом кІэлъплъныныгъэмкІэ Федеральнэ къулыкъущІапІэм Кавказым щиІэ управленэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Богаченкэ Е. М. - «Кавказ Ищхъэрэм гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъплъныныкІэ и управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іэхуэщ Іапіэм и къудамэм - гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъплъныныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым - и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Бозий А. Ю. - КъухьэпІэ-Каспий псыгуэным хьыхьэ псыхэм якІэлъплъныныкІэ управленэм и унафэщым къуэдзэр – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псы гъэтІылъыгъэхэмкІэ къудамэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Вэрокъуэ З. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм федеральнэ тоцІ зэпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм - «Урысейм и пощт» акционер зэгухьэныгъэм и филиалым и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Вэрокъуэ З. В. - «Газпром щІыналъэгаз Налшык Іэхуэщ Іапіэ» зи къалэнхэр зэхэгъэщхьэхукІа зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр - «Газпром-газыр зыгуэш Налшык и Іэхуэщ Іапіэ» акционер зэгухьэныгъэм и гъэзэщІакІуэ унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Гулиев А. А. - Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ бгы лъагэ къэлъыхьуакІуэ-кьегъалакІуэ гупым - «Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ къэлъыхьуакІуэ-кьегъалакІуэ гуп» федеральнэ къэрал кІэзэнэ Іэхуэщ Іапіэм и къудамэм - и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Гулиев М. Хь. - «Кьегъалакіуэхэм я урысей союз» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхьэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Кьалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрыр

Кьардан А. И. - «Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэсым пэщІэт-кьегъалакІуэ и къулыкъущІапІэ» къэрал кІэзэнэ Іэхуэщ Іапіэм и унафэщыр

Къэрмокъуэ З. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ дунейм и къахъукъащІэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжынымкІэ и департаментым и унафэщыр

Къарэ М. А. - «Къэббалъкъэнерго» - «Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм электрокъарур ятезыгаушэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и филиалым и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фининсхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мэкъуауэ Т. Э. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІыгъэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(эзгурыІуауэ)*

Мечукаев А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм «Суд-медицинэ экспертизэмкІэ и бюро» узыншагъэр хъумэныкІэ къэрал кІэзэнэ Іэхуэщ Іапіэм и унафэщыр

Мэш М. М. - Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Нижник С. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ дунейм и къахъукъащІэ шынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжынымкІэ и департаментым и унафэщым и унафэщыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Пагуэ Ж. А. - щэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цІыхум псэукІэ тэмэм зыхъуэзгъэпэщынымрэ я Іэнатіэм кІэлъплъныныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Хьэжыкъарэ М. Хь. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іэхуэхэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэзэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Чапай М. Б. - Урысей Федерацэм Шынагъуэшагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудамэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыІуауэ)*

Чочаев Хъ. Хьу. - «ЩІыІэпс, нэгъуэщІ геофизикэ Іэхуэхэм якІэлъплъныныкІэ Кавказ Ищхъэрэ дзэ къулыкъущІапІэ» федеральнэ къэрал бюджет Іэхуэщ Іапіэм и унафэщыр *(эзгурыІуауэ)*

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэпс хъуГуэфІыгъэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

Щоджэнцыкіу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрыр

Правительствэм и лэжьыгъэм хоплъэж

(КІэухыр. Пэщ Іэдзэр 1-нэ нап.).

Дунейпсо сату зэпыщІэныгъэхэр

Блэкіа илъэсым къэралщІыб экономикэр зезыгъакІуэхэм къалэжьар доллар мелуан 88,4-м нэсащ. Республикэм къэрал 58-м сату Іэхуэхэр ядещІэ, къэрал 32-м мыбы къыщыщІагъэкІхэр ирегъашэ.

АбыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым етІуанэ увыпІэ щиІыгъщ КИФЩІ-м, ялэ итыр Ставрополь крайрщ.

Хамэ къэрал сату Іэхуэр нэхъ къэзылъхьэр да предприятэхэм къэрал щІыб Іэхуэм теухуауэ я хуэмыхуагъырщ. Абыкіэ сэбэн хъуну дыщогугъ КъБР-м кьыщызэрагъэпэща Экспортымкіэ щІыналъэ центрыр.

Туризм

Туризмым ехьэлІауэ ди кьалэн нэхъыщхьэр дунейпсо жыпхъэхэм изагъэ иджырей зыгъэпсэхупІэ зэхэтхэр къызэгъэпэщынырщ. Иджыпстукіэ турист комплексу республикэм иІэр Іэхуэщ Іапіэ 221-рэ къудейщ. Блэкіа илъэсым ди хэгъэгум зыщагъэпсэхуащ цІыху мин 602-м, ар процентиІ 9-кІэ нэхъыбэщ абы ипэ илъэсым щыІахэм нэхъ-рэ.

Мусуковыр щхьэхуэу къытеувыІащ коронавирус уз зэрыщІалэм дызригъэуву щытыкІэ мыщхьэпэм кьыхэкІыу а Іэнатіэр гугъуехь куэд зэрыІууам. Блэкіа маэитхум курифыдзэу процент 50-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ туристхэм я бжыгъэр. Правительствэм и пащхьэ кьит кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ икІэщІынІэкІэ турист Іэхуэщ Іапіэхэр лажьэу егъэжьэжынырщ.

Мылъку Іуэхур

КъБР-м и хэхъуэ зэхэлъыр процент 14,5-кІэ хэхъуауэ жыпІэ хъунущ, 2018 гъэм елъытауэ, ар нобэ сом мелард 41,2-рэ мэхъу. Налогрэ налогым щымыщ хэхъуэу сом мелард 17 кьыІэрыхьащ, икІи ар процентиІ 6,3-кІэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым нэхърэ. НалогымкІэ иІэ хэхъуэм елъытауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхур нэхъыфІ хъу зэпытщ, УФ-м и субъектхэм елъытауэ. «Къэрал щІыхъэм фІыуэ хэдгъэщІыну тхуэзфІэкІащ, 2020 гъэм щІышылэм и 1-м щІыхъуэ кьыттенэу щІыпІэкъым ахэр. Ди къэралым хуэзфІэкІ псори ещІэ зи цІыху бжыгъэхэр мащІэ лъэпкъэм я щэнхабзэр, лъэпкъыщІэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуихъумэжын папщІэ.

- 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м ДАХ-м и Гъэзэщ Іакіуэ гупым онлайн мардэм тету ирипэкіуэкІа конференцым къыщыхэгъэщ ащащ УФ-м и Конституцэм халъхь эзэхуэкІыныгъэхэм хамэ къэралхэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къыхэпсэлъыхьын зэрыхуэмейр. Абы къыпэрыуауэ щытыкъым а зэІуцІэм хэта Шекерджи. Ауэ, тІэкІу дэкІри, абы и Іуэху еплъыкІэр ихъуэжащ. Сыту пІэрэ, уэ къызэрыплъытэмкІэ, ар къызыхэкІар?

- ДАХ-м и Хабзэм щыгъэбелджылащ жылагъуэ зэгухьэныгъэр Урысейми нэгуэщІ хэкуэфІи я къэрал, политикэ Іэхуэхэм зэрыхэмыІэбэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыщызэрагъэпэща махуэ лъандэрэ хуэзфІэкІыр ещІэ адыгэхэм я анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, я зэхэтыкІэр хъумэным хуэгъэзауэ. Дэ КАФФЕД-м и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэр кьыдэтщтэркъым, апхуэдэуи дыарэзыкъым иужьрей илъэсиМ зи лэжьыгъэм ехьулІэныгъэ хъарзынэхэр кьыщызыхьа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэфІэкІхэр ягъэзащІэну абы и яныныкъэ унафэщІхэр зэрыхэтымкІи.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Іакіуэ гупым мэкъуауэгъуэм и 17-м онлайн мардэм тету иригъэкІуэкІа зэІуцІэм къыщыхагъэщащ къэрал Іэхуэхэм хэмыІэбэным теуху хабзэм ар дяпэкІи зэрытетынур, и лъэпкъым зегъэужьыным, абы и гугъуехьхэр дэгъэкІыным зэрыхуэлэжьэнур.

Тыркум щыпсэу адыгэхэм я яныныкъуэ пашэхэм я лэжьыгъэ мыщхьэпэр, ДАХ-м къыпэщІэтыну зэгухьэныгъэ кьыызэрагъэпэщыну зэрыхуІцІэкъуэр, дунейпсо шэрджэс зэщІэхъеенныгъэм зэран хуэхъу лъэбакъуэхэр зэрачыр и щыхьэтщ ди зэкъуэтыныгъэр зэкъуэзыудыну хуей къарухэр зэрыщІыным, адэжь хэкум - Урысей Федерацэм - щыпсэу ди хэкуэгъуэхэр гуитІщхьитІ ящІыну зэрыхэтым.

Абы урегъэгупсыс Тыркум щыпсэу язныныкъуэ ди лъэпкъегъуэхэр ДАХ-м и сэбэп зыхэлъхэм хуэлэжьэну зэрыхуэмейм, ахэр Тыркумрэ Урысеймрэ я зэныбжьэгъуГэм зэран хуэхъуну зи мурад зыгуэрхэм зэрагъэщхьэрыуэм.

Епсэлъар «Кавказ сегодня» хъыбарегъащІэ-аналитикэ интернет порталым и унафэщІ **ПОНОМАРЁВ Олег.**

Пэжымрэ пцІымрэ ятеухуауэ иджыри зэ

(КІэухыр. Пэщ Іэдзэр 1-нэ нап.).

- Урысейм ис адыгэхэр лъэпкъышхуэм хэшыпсыхьыжыным тегузэвыхьу жиІэ щхьэкІэ, Шекерджи и гугъу ищІыркъым езы Тыркум ис адыгэхэм я Іуэху зыІутым, абыхэм я щэнхабзэр яхъумэжыным, лъэпкъыр хэмыкІуэдэжыным хуэгъэзауэ щыІэ гугъуехьхэм. Уэ узэрепльымкІэ, адыгэхэм я щэнхабзэ, псэкупсэ кьулеигъэхэр хъумэным и Іуэхур апхуэдэ дыдэу ныкъусаныгъэншэу щыщыту пІэрэ а къэралым?

- Ататюрк а къэралым и унафэщІу щыщыта лъандэрэ илъэс 70-м нэблагъэкІэ Тыркум щекІуэкІащ зи цІыху бжыгъэхэр мащІэ лъэпкъэр езыхэм зыхагъэшыпсыхьыныным хуэгъэзэ политикэ ткІийр. Эрдоганым къэралым и унафэщІ хъуа нэужьщ а хэкум шэрджэсхэми, курдхэми, адрей лъэпкъ цІыкІухэми Іэмал щагъуэтар я бзэкэр школхэм, евангелІэ нэхъыщхьэхэм щаджыну. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдизи илъэскІэ бзэр Іащ Іыб зрагъэщІа лъэпкъым щыщ щхьэ иджыпсту хуеижкъым адыгэбзэр яджыну, сыту жыпІэмэ, ди хэкуэгъу куэд дыдэ тырку лъэпкъым хэкІуэдэжащ икІи я лъабжьэр Кавказым къыззрыщежьэр ящыгъупщэжащ.

«Каффед», «Черфед», нэгъуэщІ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я фІыгъэкІэ тыркуцІым иджыри щызэхьбох адыгэбзэр, адыгэ уэрэдхэр щыжаІэ, адыгэ кьафэ кьыщофэ.

Совет властым и фІыгъэкІэ, Урысейм и лъэпкъ цІыкІухэми илъэсищэ ипэкІэ Іэмал иІэ хъуащ я бзэкэр яджыжыну, я щэнхабзэм, щІэныгъэм зрагъэужьыну. Араущи, «адыгэхэр Урысейм хэшыпсыхьыныным» теухуа Іуэхум щыІытегъэзвыхьын щыІэкъым ахэр. Ди къэралым хуэзфІэкІ псори ещІэ зи цІыху бжыгъэхэр мащІэ лъэпкъэм я щэнхабзэр, лъэпкъыщІэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуихъумэжын папщІэ.

- 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м ДАХ-м и Гъэзэщ Іакіуэ гупым онлайн мардэм тету ирипэкіуэкІа конференцым къыщыхэгъэщ ащащ УФ-м и Конституцэм халъхь эзэхуэкІыныгъэхэм хамэ къэралхэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къыхэпсэлъыхьын зэрыхуэмейр. Абы къыпэрыуауэ щытыкъым а зэІуцІэм хэта Шекерджи. Ауэ, тІэкІу дэкІри, абы и Іуэху еплъыкІэр ихъуэжащ. Сыту пІэрэ, уэ къызэрыплъытэмкІэ, ар къызыхэкІар?

- ДАХ-м и Хабзэм щыгъэбелджылащ жылагъуэ зэгухьэныгъэр Урысейми нэгуэщІ хэкуэфІи я къэрал, политикэ Іэхуэхэм зэрыхэмыІэбэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыщызэрагъэпэща махуэ лъандэрэ хуэзфІэкІыр ещІэ адыгэхэм я анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, я зэхэтыкІэр хъумэным хуэгъэзауэ. Дэ КАФФЕД-м и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэр кьыдэтщтэркъым, апхуэдэуи дыарэзыкъым иужьрей илъэсиМ зи лэжьыгъэм ехьулІэныгъэ хъарзынэхэр кьыщызыхьа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэфІэкІхэр ягъэзащІэну абы и яныныкъэ унафэщІхэр зэрыхэтымкІи.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ Іакіуэ гупым мэкъуауэгъуэм и 17-м онлайн мардэм тету иригъэкІуэкІа зэІуцІэм къыщыхагъэщащ къэрал Іэхуэхэм хэмыІэбэным теуху хабзэм ар дяпэкІи зэрытетынур, и лъэпкъым зегъэужьыным, абы и гугъуехьхэр дэгъэкІыным зэрыхуэлэжьэнур.

Тыркум щыпсэу адыгэхэм я яныныкъуэ пашэхэм я лэжьыгъэ мыщхьэпэр, ДАХ-м къыпэщІэтыну зэгухьэныгъэ кьыызэрагъэпэщыну зэрыхуІцІэкъуэр зэщІэхъеенныгъэм зэран хуэхъу лъэбакъуэхэр зэрачыр и щыхьэтщ ди зэкъуэтыныгъэр зэкъуэзыудыну хуей къарухэр зэрыщІыным, адэжь хэкум - Урысей Федерацэм - щыпсэу ди хэкуэгъуэхэр гуитІщхьитІ ящІыну зэрыхэтым.

Абы урегъэгупсыс Тыркум щыпсэу язныныкъуэ ди лъэпкъегъуэхэр ДАХ-м и сэбэп зыхэлъхэм хуэлэжьэну зэрыхуэмейм, ахэр Тыркумрэ Урысеймрэ я зэныбжьэгъуГэм зэран хуэхъуну зи мурад зыгуэрхэм зэрагъэщхьэрыуэм.

Епсэлъар «Кавказ сегодня» хъыбарегъащІэ-аналитикэ интернет порталым и унафэщІ **ПОНОМАРЁВ Олег.**

● Налшык и гуэлхэр

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Егъэджэныгъэ

Ныкъусаныгъэншэу йокІуэкІ

Дэнэкіи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курыт школхэр мы гъэм къэзыух ныбжьыщІэхэм бадзэуэгъуэм и 3-м Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр яублащ. Абыхэм ятащ литературэр (щыху 200-м), географиер (57-м), информатикэр (щыху 230-м). Къэпщытэныгъэхэр къызыхуэтынышэу къызэрагъэпэщащ икІи ныкъусаныгъэншэу, хабзэхэр къызэпамыуду екІуэкІащ.

ЭКЗАМЕНХЭР щыпІитхум къыщызэрагъэпэщащ. Ахэр зэрелкІуэкІыр я нэІэм ткІийуэ щІэтащ Къэрал экзамен комиссэм (ГЭК) хэтхэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм ЕгъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэм кІэлъплъныныкІэ и къэрал управленэм и Іэщ ІагъэлІхэм, жылагъуэ кІэлъплъкІуэхэм, федеральнэ экспертхэм. Экзаменхэм щІадзэн ипэ къихуэу, абы хэт псори къапщытащ детектор Іэмэпсымэхэмкіэ.

Зи гугъу тщІы министерствэм и пашэ, ГЭК-м и унафэщІ Езауэ Анзор зэпщІэныгъэхэр щекІуэкІ щІыпІитІым щыІэну хунэсащ. Ар кІэлъплъпІэщ гимназие №14-мрэ лицей №2-мрэ экзаменхэр къызэрыщызэрагъэпэщамрэ ахэр зэрыщекІуэкІамрэ.

- Псом ямрэуэ, гулъытэ хэха хуэтщІащ ныбжьыщІэхэмрэ экзаменыр езыгъэкІуэкІ Іэщ ІагъэлІхэмрэ я узыншагъэр хъумэным. КъБР-м Егъэджэныгъэхэр щекІуэкІ щІыпІэ псори дезинфекцэ ящІащ, ЕГЭ-м епха дэтхэнэми яхуэгъэзэ санитар-эпидемиологие хабзэхэр ягъэзэщІащ, - жиІащ абы. - Апхуэдизу пэшхэм щІэтщ антисептикхэр, псы, ныбжьыщІэхэри зэпэжьжьажу щысу лэжьащ. Медицинэ кІэлъплъныныгъэри щыщІэщ щыпІэхэм ящыщ дэтхэнэми.

Къэпщытэныгъэр зэрекІуэкІым, хабзэ зэрыхъуам тету, эфир «занщІэкІэ» уащыкІэлъэплъфащ «ЕГЭ-м еплъ» сайтымкІэ. Министерствэм ЕгъэджэныгъэмкІи фІагъымрэ еджакІуэхэм я аттестацэмрэ якІэлъплъныныкІэ и къудамэм и унафэщІ Дыщэкі Оксанэ зэрыжиІамкІэ, мыгъэрей къэпщытэныгъэхэр щІыпІэ 27-м щекІуэкІыныщ. Абыхэм ящыщу 26-р республикэм и школ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыщызэрагъэпэщащ, зы еджакІуэм экзаменхэр унэм щитынущ, гупым хэтыну и узыншагъэмкІэ Іэмал зэримыІэм къыхэкІыу.

Ляпэ къэпщытэныгъэхэр и чэзум зэфІэкІащ: литературэр зытехэр абы елІэлІащ сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 55-кІэ, географиер зытехэр лэжьыгъэм пэлъэщащ хабзэм къигъэув сыхьэти 3-м крибыдэу, Іыхьитіу зэхэта информатикэмкІэ экзаменыр ныбжьыщІэхэм ятащ абы хуэхаа сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 55-м къитІасэу. Экзаменыр щекІуэкІа щІыпІэхэм ящыщ зым и унафэщІ Бэкъкъан Залинэ къыхиІэщащ ЕГЭ-р здэщыІэ Іуэхуэщ Іапіэ къэс къэпщытэныгъэ материалхэр (КИМ) зэрытрадзэ Іэмэпсымэхэр зэрыщІэтыр. Экзаменым къыщІахьыж тхьилъхэри абы къыкІуэкІэр къыщащпщытэ щІыналъэ центрым занщІэу зэрагъэкІуэри жиІащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, ныбжьыщІэхэр къэпщытэныгъэхэм пэлъэщауэ къальытэн папщІэ, абыхэм нэхъ мащІэ дыдэу къаІыхьфын хуейщ географиемкІэ балл 37-рэ, литературэмкІэ - 32-рэ, информатикэмкІэ балл 40.

ЕГЭ-хэм къарикІуахэр хэІуцІыну ящІынущ бадзэуэгъуэм и 17-м нэхърэ мынэхъ кІасэу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Жырым хуэдэ Къардэн Къэбард

Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэм и гъащIэр ещхьт вагъуэжьым - махуэ 257-кIэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрхэм яхьумащ абы сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыщ фашисту 50-м щIигъу зэриукIар, топу 5 зэрикъутар, къуентхъыу танки 7, топ 13, автомашинэ 78-рэ дыдейхэм къаIэрыхьэныр ар зэрыхэлIыфIыхьар...



СОВЕТ Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къэбард теухуауэ щыIэ тхыльхэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ адыгэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу ар щыдолъагIу, къэбгъэлъагъуэмэ, урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Гарин Фабиян и тхылъым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкIам, «Танкым тепъ удз гъэгъахэр» зыфIищам. Абы къыхэтхащ мы пычыгъуэ цIыкIур.

* * *

- Ныбжьэгъу Къардэн, уэ нэхъыфIу зыкъэдгъэщIыхут, - жиIащ Боровицкэм.

ЩIым щыс сэлэтхэм къахэтэджыкIащ щIалэ къуэгъу, зи нэкIур дыгъэм къамылыфэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпIейтейр. КIэщI дыдэуи къиIуэтащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къызэрыщалъхуэр, мэлыхъуэу зэрылIэжьар, къалэшхуэ илъагъуну, еджэну зэрыщIэхъэпсар.

- СыноупущIыну сыхуейт, - къэIуащ Кульдин и макъыр. - Уи сыт Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуа Къардэн Къэбатий?

- Си хъуэщ, - жиIащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр нэ гуапэкIэ епIащ я ныбжьэгъум. Комбатым жиIэнIауэ хэтащ. Ауэ а напIэзыпIэм макъ лъагэкIэ зыгуэр къэджащ:

- ПсынщIэу фи машинэхэм фитIысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу зауэм и мафIэр щIэрыщIэу къызэщIэнащ... Танкищэхэр, кхъухьлъатищэхэр, топищэхэр зэщIэгъуахьуэрт. МафIэм исырт машинэхэр, псэупIэ унэхэр, шыгу зэщIэщIахэр, цIыху кузэ. Пшагъуэмрэ Iугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапIэр кIыфI хъуат, шэ зэмыфэгъу зелъатэхэр къыхэлыдыкIыу... Бийр зы километркIи къэкIуэтфакъым. ИхъуреягъкIэ щыпIалъагъут нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафIэ бзийр зыщIхьэщыт танкхэр...

Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкIуэу, я быдапIэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъэгу зэрахуищIыным. Машинэр зыгъакIуэр старшина Трохинт. Къардэным и танкым и ужь итт Дегтярёв, Бондарь сымэ зи унафэщIхэри... Бийм ди танкхэр здикIыну и гугъэр ищхъэрэ пIэныбжьэмкIэтIи, абыкIэ зыщагъэбидат, фIыыи загъэхьэзырат. Ар къыгуры IуэрИ, Трохиным унафэ хуищIащ шоссем текIыу губгъуэ гъэгурымкIэ игъэшыну. Дегтярёв, Бондарь сыми къащIащ Къардэнырэ зыхущIэкъуар. Ди танкхэр, лъэгумкIэ нунэтIри, къуажэм дэмыкIыу, къухьапIэ лъэныкъуэмкIэ екIуэкIащ, зыкъагъазэри, къызэдилъащ.

- Гъуэжькуийм хуэдэу, - кIиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъазэри, - бийм дытоуэри, хьэбэсабэ дощI!

Къуажэм кхъызрыдэхутэу кхалъэгъуащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэнырэ еуэри, зым Iугъуэ фIыцIэр къыщхъэщыуащ. Дегтярёв игъэсащ етIуанэрей танкыр. ЕщанэмэзыкъуIэгъэ хьэпалъ хуэдэ, ауэ зы хуэзэфIэкIащ топыр иуэздыну. Къэбард и Iэр къиIэтри, кхъэщIэлъкIащ - лъэпсыр къыпIыжырт...

- Къызэт бронебойнэр! - еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхьеижьфыртэкъым. И къару псори зыхилъхьэри, топышэр къищтащ, ерагъыу топыр иуэздри, нэмыцэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькIэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкIэ зригъэгъазэурэ, гъуанэу блы зиIэ хъуа танкыр апэкIэ игъакIуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэрхэр кхыыхьэжауэ, топыр иуэздурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр кхъущытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункIыфIыкIащ, псэкIэ зыхихщIащ и гур удыным зэгуигудауэ лъэр уэру зэрыщIэжьыр... А напIэзыпIэм кхъызхихащ Бочковскэм и танкхэри кхъэзрысар, фашистхэр зэрикIуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Кхуажэждэсхэр гъуанэпщIанэ хъуа совет танкым деж щызэхуэсащ. УкIыгъэ хъуа сэлэтиплIыр кхъыщахым, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуэгащ...

Мыгувэу ди танкхэр япэкIэ кIуэтащ. Бийр икIуэтыжырт...

Тхыгъэр
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
игъэхьэзыращ.

Хэкупсэ нэс Сэхъурокъуэ Анатолэ

● Дифl догъэтъапIэ

Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, Къэбардей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм Хьэмдэхъу Башир и цIэр зэрихьэу дэт мэкъумэш-промышленнэ колледжым и унафэщI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Аруан щIыналъэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутат, цIыху щылкъэ, хэкупсэ нэс Сэхъурокъуэ Анатолэ Хьэзрит и къуэм и ныбжьыр илъэс 60 ирикъащ. И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- КУРЫТ еджапIэр 1977 гъэм къэзухащ. А гъэ дыдэм сыщIэтIысхьащ ди университетым и мэкъумэш факультетым. Къуажэм кузэ щIауэ дыдэсщ, пъабжьэ щыдиIэщ, ди адэшхуэжьр мэкъумэшыщIэу щытащ. Ди адэр Iэщым хэту, зоотехникыу кузэдгъэжьащ. Аращи, дэ ди лъым хэтщ а унэтIыныгъэр. ЕджапIэ нэхъыщIхьэр къыщызухым, аспирантурэ Iуэхуи зесхуэну сигу илъажьыр, ауэ ар хьэлэмэту хъуащ. А лъэхъэнэм мэкъумэш институтыр, иджы университет хъужар, къызэIуахырти, абы и унафэщIу ягъэуар ФиIэпщэ Борисщ. Араща сызыщIеджа мэкъумэш факультетым а зэманым и декану щытари. Курсым щIэса цIыху 50-м щыщу аспирантурэм ягъэкIуэну нэхъ къикIыр си ныбжьэгъумрэ сэрэт. Есэ ректорым дыкъищIыхурт, дригъэджати, етхуанэ хурсыр кхъыщIыдухым щIалитIыр дриджащ. «Аспирантурэм зы цIыху тхущIэгъэтIысхьэну аращи, тIури фIкIуэу, экзаменхэр нэхъыфIу зытыр абы кьанэу, мыдрейр къэкIуэжьын хуейщ», - скъыджIащ. Абдежьым дыззэплъыжри, нэгъуэщI кхыхэдмыгъэкIыу, «хъунщ» жьтIэри дыкъыщIэкIыжащ. Сэ сызэгупсысырат: «Мы щIалэм и Iэхэу нэхъ хуэкIуэ, и адэри, и анэри псэущ, я унагъуэкIи хуэщIащ, кIуэми хъунущ, сэ сыщалъхуа къуажэм згъэзэжьнщи, и закъуэу къэна ди анэм сыбгъэдсынщ». АрщхьэкIэ, дыкъыщIэкIыжа иужь, а си ныбжьэгъум мыпхуэдэу жиIащ: «Уэращ аспирантурэр нэхъ зыхуэфащэр. ТIури абы дыкIуэ, абдежьым дыщыззэпеуэ нэхърэ, уи закъуэ кIуэи зэфIэкIащ. СощI экзаменхэри зэрыпхуэтынур».

- А уи ныбжьэгъум и цIэ-унэцIэр къыджепIамэ ди гуапэт, Анатолэ.

- Къущхьэхэ Хьэсэн. Мы зэманым ар КЬБР-м дахуэхахэмрэ зи Iуэху зэкIэлъыкIуэхэмрэ ядэIэпыкъуныжмкIэ къыщыззэрагъэпэща фондым, ди республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ зэхащаи, хэтщ, ди щIыналъэми къэрал псоми фIыкIэ зи цIэр щыIуа щIалэхэу Къанокъуэ Арсен, Быф Анатолэ, Къуныжь МуIаед сымэ я гъусэу.

- Анатолэ, аспирантурэмкIэ къедгъэзэкIыжынщи, ущеджэм нэхъ зытебухуа темэр сыт хуэдэр?

- Абдежьым дызэрыщыхагъадищыIакъым. Сыт щхьэкIэ жьIэмэ, дезыгъаджэхэм зытращIыхьар ищхьэкIэ кьикIыу кхъуэкIуа унафэрат, ди республикэм къыщыунэху институтыщIэр нэхъ зыхуеину унэтIынныгъэхэм я лэжьыгъэ къальэта «мелиорация и орошаемое земледелие» жьхуиIэм дыхуагъэхьэзырныр. А лъэныкъуэм хуэгъэпсауэ ди къэралым, СССР-у щытам, аспирантурэ зыхэт институту итахэр а зэманым здэщыIар Москва, Херсон, Ташкент кьалэхэрат. «Хэди, узыхуейм удгъэкIуэнущ» щыжаIэм, Ташкент нэхъ кхъэхэхати, абы илъэси 3,5-кIэ сыщеджащ. Си япэ диссертацэр 1986 гъэм, си ныбжьыр илъэс 26-рэ ирикъуа къудейуэ, абдежьым щыпхызгъэкIщ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыщысфIащри, аспирантурэм сызыгтIыпща ди институтым къэзгъэзэжащ икIи сыщылэжьащ, япэщIыкIэ ассистенту, итмакIэ егъэджакIуэ нэхъыжьы, кIэлъыкIуэу доцент Iэнатiэри къыщысхуагъэфэщат. ИужькIэ, 1995 гъэм, мелиорацэмкIэ кафедрэм и унафэщIу сагъэуващ. Ауэрэ, а кьалэныр здесхьэкIым, Санкт-Петербург сагъэкIуащ. ИкIи, Калининым и цIэр зэрихьэу а лъэхъэнэм абы дэта Политехническэ институтым, иджы университет хъужам, 1998 гъэм си доктор диссертацэр щыпхызгъэкIащ. Налшьк сыкъэкIуэжарэ сыщылэжьа институтми сыуныжащ здекIуэкIым, илъэситI нэхъ дэмыкIыу, 2000 гъэм и мэкъуаугъэгъэм, Старэ Шэрэдж къуажэм Хьэмдэхъу Башир и цIэр зэрихьэу дэт мэкъумэш-промышленнэ кафедрэм, иужькIэ колледж хъужам, и унафэщIу сагъэуващ. Абы пIащэрэ а Iэнатiэр зыхьожьэ.

- Институтым ущыщыIам нэхъ IэфIу, уи гур нэхъ хэзыгъахъуэу, къару къыпхэзылъхьэрэ зыдэбужьу сыт нэхъ уигу кьинэжар?

- Мэкъумэш институтыр къэмыгнэху щIыкIэ сезыгъэджажэу, иужьыи сызыдэлэжььажа щIэныгъэлIхэм, жьыпIэнур арамэ, а зэманым Совет Союз псом къыщыщIыхьу щытахэм, я гугъу тщIымэ, сыт и уасэт адыгэжьм ящыщу япэ дыдэу мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат хъуа, КъБКЪУ-м и ректору илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, иужькIэ зи гугъу тщIы институтым къэкIыгъэхэмрэ гъавэ щIапIэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу къекIуэкIа КIэрэф Къамболэт ригъаджэнкIи, иужькIи удэлэжььажьын жьыхэпIэр! ХьэщIэпI Руслан, Къумахуэ Владимир, ЛъэмыкIуэ Владимир, Мэремыкъуэ Арсен сыми я щIэхэр къыхэдгъэщамэ си гуапэт. Дауи, фIыкIэ сигу къинауэ къыжьыстIэнухэм ящыщщ жьлагъуэ лъэжьакIуэшхуэу щыта, мэкъумэш академием и ректор Iэнатiэм игури и щхьэри етауэ пэрыта Жэрыкъуэ Борис и цIэри. Абырэ дэрэ КъБКЪУ-м дыщыздэдгъэлэжьат.

- Уэипашэ колледжым уи гур нэхъ щыхэзыгъахъуэу къэплъытэхэм я гугъу къыгъэщIыт, Анатолэ.

- «Уэыхэтам апхуэдизэ зэфIэкI щыуиIэу, щIэныгъэхэм я доктор ущыхъуэу, ущалъхуэ жьлэжьым сытым щхьэкIэ бгъэзэжат?» - «КъызжезыIа къэхакIащ си ныбжьэгъухэм, ауэ, итIани, апхуэдэу зэрысщIам сэ зэи сыхущIегъуэжьащ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, сызыхэхуар институтыщIэр нэхъ зыхуеину унэтIынныгъэхэм я ящыщу къальэта «мелиорация и орошаемое земледелие» жьхуиIэм дыхуагъэхьэзырныр. А лъэныкъуэм хуэгъэпсауэ ди къэралым, СССР-у щытам, аспирантурэ зыхэт институту итахэр а зэманым здэщыIар Москва, Херсон, Ташкент кьалэхэрат. «Хэди, узыхуейм удгъэкIуэнущ» щыжаIэм, Ташкент нэхъ кхъэхэхати, абы илъэси 3,5-кIэ сыщеджащ. Си япэ диссертацэр 1986 гъэм, си ныбжьыр илъэс 26-рэ ирикъуа къудейуэ, абдежьым щыпхызгъэкIщ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыщысфIащри, аспирантурэм сызыгтIыпща ди институтым къэзгъэзэжащ икIи сыщылэжьащ, япэщIыкIэ ассистенту, итмакIэ егъэджакIуэ нэхъыжьы, кIэлъыкIуэу доцент Iэнатiэри къыщысхуагъэфэщат. ИужькIэ, 1995 гъэм, мелиорацэмкIэ кафедрэм и унафэщIу сагъэуващ. Ауэрэ, а кьалэныр здесхьэкIым, Санкт-Петербург сагъэкIуащ. ИкIи, Калининым и цIэр зэрихьэу а лъэхъэнэм абы дэта Политехническэ институтым, иджы университет хъужам, 1998 гъэм си доктор диссертацэр щыпхызгъэкIащ. Налшьк сыкъэкIуэжарэ сыщылэжьа институтми сыуныжащ здекIуэкIым, илъэситI нэхъ дэмыкIыу, 2000 гъэм и мэкъуаугъэгъэм, Старэ Шэрэдж къуажэм Хьэмдэхъу Башир и цIэр зэрихьэу дэт мэкъумэш-промышленнэ кафедрэм, иужькIэ колледж хъужам, и унафэщIу сагъэуващ. Абы пIащэрэ а Iэнатiэр зыхьожьэ.

**- Институтым ущыщыIам нэхъ IэфIу, уи гур нэхъ хэзыгъахъуэу, къару къ

Хэкужь щалъытэ, хамэщI щахутэ

(КIэуэхыр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.).

Зыми хуэдзжкъым хамэщI щыщ щIэныгъэлIхэм адыгэбзэм драгъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр. Адыгэ бзэхабзэр щызэпкърыхауэ сыт хуэдиз граммэтикэдутнейм къытехьар, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэм ятеIыхьауэ сыт хуэдиз лэжьыгъэ хIуIущIы хьуар, бзэр къаухтэурэ ди тхыдэр ириззфIббгъэувэжыну сыт хуэдиз зэгъэпщэныгъэ ящIар... КъыззрымыкIуэу куэд мэхъу ахэр. Апхуэдэу Норвегием щыщ Фогт Ганс, Франджым щыщ Дзюмезиль Жоржрэ Пари Катринрэ, Голландием щыщ Куйперс Аерт, Куржым щыщ Рогавэ Георгийрэ Ломтатидзе Кетеванрэ, Канадэм щыщ Коларуссэ Джон, нэгуэщI куэдми адыгэбзэм и джыным хэлъхьэныгъэ ауащIар къыпхуэмыпытэну инщ, фIыщIэшхуи ябгъэдэлъщ. Абыхэм я цIэмрэ я IэхуущIафэхэмрэ фIэкIыпIэншэу ищIэн хуейщ зыхуэлэжьа лъэпкъым.

Коларуссэ Джон

ЩIэныгъэ гъэугр, жылагъуэ Iуэхур

Адыгэ-абазэбзэхэм я зэгъэщIэным и мызакъуэу, Кавказым щекIуэкI гъащIэм фIыуэ щыгъуазэ, уеблэмэ къыщыдэлъэси къыхэкIыу, щIэныгъэлI цIэрыIуэу ноби къытэщц и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъур мы махуэхэм зыгъэпсынIа Коларуссэ Джон. Ар 1945 гъэм мэхъуауэгъуэм и 30-м Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хиубыдэ Калифорние щIынальэм щыщ Сан-Диегэ щалъэм къыщалъхуащ. ЩIэныгъэм пасэу гу хуэзыщIа щIалэр 1967 гъэм Корнелл гъуазджэмкIэ бакалавр цIэр къыщыхуагъэфэщащ. 1969 гъэм Норт-Вестерн гъуазджэмкIэ магистр щыхъуащ. И цIыкIущхьэр щигъэкIуа щIыпIэхэм пэмыжжьыбэу щыIэ Гарвард университет цIэрыIуэм и аспирантурэми щеджащ, 1975 гъэм бзэщIэныгъэм тещIыхьа доктор диссертацэр абдеж щыпхигъэкIащ.

Гарвард нэужьым Коларуссэ Джон Венэ дзэ университетым зы илъэскIэ щIигъэджащ. Канадэ къэралыгъэм хиубыдэ Онтарио щIынальэм хьыхэ Гамильтон кьалэм и МакМастер университетым антропологиемкIэ къудамэм щрегъаджэ 1976 гъэм щегъэжьауэ. Мы зэманым Джон антропологиемкIэ профессорщ, бзэщIэныгъэмрэ иджыпрей бзэхэмкIэ департаментымкIэ щIэныгъэ къэгъэлъагъуэ.

Коларуссэ Джон 1993 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэ пщIондэ Клинтон Билл и администрацэм чэнджэщэгъуу щылажьащ. Ар хуэзащ икIи дзлэжьащ Урысейм и ипэ президент Ельцин Борис и чэнджэщэгъуу щыта Паин Эмиль, и нэIуасэу щытащ Къалмыкъ Юрэ, Ардзинбэ Владислав, Дудаев Джохар сымэ. Коларуссэ Джон игу къэзэрыгъэкIыжьмкIэ, администрацэм щылажьэу Вашингтон щыдэса илъэсхэращ хьэкъыу щыпхыIкIар къэрал къулыкъущIэхэм Кавказым теухуауэ зыри зэрамышIэр (е ящIэр хьэдэгъуэдахэу зэрымащIэ дыдэр), адыгэхэм я къекIуэкIыкIам, Кържым, Абхъазым, Осетием я тхыдэм зэрыщымыгъуазэм.

Къэрал департаментым и лэжьакIуэхэр Коларуссэ щIэхщIэныгъэ чэнджэщ къыпахыну зыкъыхуагъазэрт, Кавказым и уэхэкIэ-зэхэлъыкIэм екъэлIауэ мызэ-мытIэу «щIэныгъэ» ябгъэдилъхьэну къыхуихуэрт. Кавказым зауэрэ зэпэщIэувэныгъэу щекIуэкIам кърикIуэнкIэ хъунри къыщIэу зэрыщытами щIэныгъэлIхэр Iэджэрэ щыхьэт тохъуэк, ахэр къыумыгъэхъуфыну зэрыщытари къыхегъэщ. Коларуссэ зэгъуэрм Iмал иащ Картер и Центру Атлантэ дэтым иригъэкIуэкIа щIэныгъэ зэхуэсым абхъазэхэмрэ куржыхэмрэ щызэIуригъэщIэну, я зэхуаку илъ Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр гъэкIуэда, а зэрыхъунум тригъэпсэлъыхьыну. Псалъэмакъыр кIэщI дыдэу щытами, къыдалъ щымыIами, зэIуб хъуат лъэныкъуитIыр зэрыпхуэзэшлIэнур, абы щхьэкIэ я тхыдэм, я дуней лъагъуKIэм, я лъэпкъ гупсысэкIэм щыгъуазэ, фIыуэ хэзыщIыкI дэлэл яхуущIын хуейуэ зэрыварар. ЗэгурыIуэныгъэм шэс хуэхъун нэгъуэщI хэкIыпIэ абы фIэкIа зэрыщымыIэр Коларуссэ къыгурыIуат.

Коларуссэ иригушхуэу куэдрэ игу къегъэкIыж щыху Iэпкъ-лъэпкъэр зэтес зыщIыж хирургие Iуэхутхьэбзэ щIэныкIэ щыIэ программэм къриубыдэу, Куржы-Абхъаз зауэм фэбжь бзаджэ зытридзэ бзылъхугъэ 400-м ядэIэпыкъуну зэрыпъэкIар.

ИлъэсиблкIэ зыхэта политикэ лэжьыгъэм Коларуссэ фIыуэ къыгурыIуащ сыт хуэдэ Iуэхуми, щIэныгъэ лъабжьэ имыIэмэ, жыжьэ зэрынэмысынур. Канадэм Iэпхъуэжа нэужь, Коларуссэ щIэныгъэм зритыжащ. 1971 гъэм щегъэжьауэ нобэр къызэдэсым абы иригъэкIуэкI щIэныгъэ лэжьыгъэр зыхуэунэтIари зытещIыхьари адыгэбзэмрэ убыхыбзэмрэщ, адыгэ Iуэрыуатэрщ. Коларуссэ Джон щIэныгъэ статья къудейуэ 100-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ, адыгэ-абазэ лъэпкъхэм я щэнхабзэми куууэ тетхыхь зэпытщ.

И ублапIэм зыщыхуэбгъаазэкIэ...

Кавказым и гугъу Коларуссэ япэ дыдэу щызэхихар Гарвард университетым и аспирантурэм щыщIэсырыщ. Урыс литературэмкIэ курсым, езым фIэфIу къыхихам, куэд къыщицIащ Кавказым теухуауэ. Дихьхьыу зыщигъэгъуазэрт Достоевский Федор, Толстой Лев, Маяковский Владимир сымэ я IэдакъэщIэкIхэм. Зэгуэрым Коларуссэ ирихьэлIащ Эйзенштейн Сергей Бгырыс щуудзэм теухуауэ триха кинофильмым, дагъыстэнхэр кьафэу абы хэт теплъэгъуэри и гум итIысхьащ. КъэфакIуэхэм я пльэм къыщIидзэ хуэхэкIэр арами, я нэгум кьищ нэхуГэр арами, абдежым Коларуссэ Кавказым малъхъэдисым хуэдэу зыIэпишащ, и гъащIэми щыщ хъуащ.

Коларуссэ Джон адыгэбзэм и джыным иужь щихьар 1971 гъэрщ, ауэ бзэщIэныгъэм нэхъ пасэу дихьэхащ - 1967 гъэм. ЯпэщIыкIэ абы зригъэщIащ пасэрей альдыжбзэмрэ пасэрей ермэлыбзэмрэ. ИтIанэ абы зриташ пасэрей къэжэрыбзэмрэ пасэрей куржыбзэмрэ. ЩIэныгъэгу зыкIуэцIылъ щIалэм а бзэхэр зэрищIэм иригъэувэлIащ нэхъ куууэ ябгъэхыну, бзэ зэлъапсэгъуэм я къежьапIэм и лъэхъуэкIуи ищIащ. Ауэ ар итIанэт, нэхъ кIасэрт, иджыпсту абы кьыпэщIыпт Кавказым щыпсэу пльэкъыжьым я бзэр зригъэщIэну.

Коларуссэ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къыдежьащ Инджылызым дзт Кембридж университет екьэжьам и профессор цIэрыIуэ, абазэбзэм лэжьыгъэшхуэ езыщIэкIа Аллен Вильям Сидней (1918 - 2004) тришауэ абазэ текстхэр зытет кассетэр Гарвард университетым и егъэджакIуэ Уоткинс Кальверт къызэрыритам. Абы макъ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ дриГъэкIуэкIыну кьелъэIуат. КIэщIу абы иужькIэ Коларуссэ Новергием и кьалащхьэОслэ дэт университетым и профессор Фогт Ганс зыпищIри, убыхыбзэм екъэлIауэ ищIа Iэрытхэмрэ кассетэхэмрэ къритащ, убыхыбзэм елэжьын щыщIидзари абы щыгъуэщ. Абазэбзэм и макъхэр зэрызэхицIыкуKIыбгъэм Коларуссэ зэрытхьэкIумафIэр и фIэщ ищIри, убыхыбзэм гушхуэу зритащ, ауэ, езым зэрызэримысужьмкIэ, макъ и лъэныкъуэкIэ нэхъ бзэ бей дыдэхэм ящыщ убыхыбзэм абы иужькIэ щыдзлажьэм, ар апхуэдэ дыдэу гугъу къыщыхъужакъым.

Гугъуехьэр зищысыр Коларуссэ щызыхищIар бжьэдыгъуэбзэм зрита нэужьщ. Коларуссэ Джон жеIэ: «ГъэщIэгъуэныщуу зы адыгэ диалектыр бжьэдыгъуэхэм я бзэр. Макъ дэгури, макъ жьгъыжьгъри, макъ пIытIари зэуэ къыхэбубыдыкIыфми, бзэ куэдым ущримыхьэлIэу макъ дэгу къыщIидз къыщIыпIыр зыхьыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Уздрегъэлпъеи, зызIэпешэ».

Мы зэманым Коларуссэ адыгэ псалъэухам и синтаксисым йолажь. Къэбэрдей адыгэбзэм и грамматикэм тIэуней монографие тритхыхьащ. Коларуссэ къыхэзрилытэмкIэ, адыгэбзэр, убыхыбзэр, абазэбзэр къызытекIыжа пасэрей бзэмрэ индоевропей лъэпкъыбзэхэр къызытепщIыкIыжа бзэмрэ зэбгъапщэ зэрыхъунур, уеблэмэ, зэрызэлъапсэгъуэр къыщIэбгъэщIыну Iэмал зэрыщIыжыну трегъэнычныхь. Пасэрей адыгэ-абазэ лъэпкъхэр щыпсэуа щыналъэм алыджхэр Pontus Euxinus-кIэ еджэу щытащ. А щIыпIэщIэм тритщIыхьри, Коларуссэ адыгэ-абазэбзэхэр къызытекIыжа бзэм **понтиибзэкIэ** еджащ, и къэхутэныгъэхэми къыхэщIар а фIэщыгъэрщ.

Археологие тIыгъэу ирагъэкIуэкIахэм, лъыщхъэ (генетикэ) къэхутэныгъэу утыку къыхьахэм трегъащIэри, илъэс мини 5 - 9 хуэдиз ипэкIэ, хы фIыцэ Iуфэм щыпсэуа понтийхэр зэрыпсалъэу щита бзэр индоевропей лъэпкъыбзэхэр къызытекIыжа бзэжьым жьыжьэу зэрыгъуэм и щыхьэтIэхэр щIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэм къыщызэкIэльеГъакIуэ. Хэхауэ абы и къудамэ гъэрхэм нэхъ пэблагъэщ пхужьмыIэми, понтиибзэм и уней щхьэхуэныгъэхэр хэхауэ иIэжу, индоевропеибзэжьым ирипсалъэхэм япэIудзауэ зэрыпсэуж къыхэкIыу нэщэнэ щхьэхуэхэр къыхэхъкIмэ, абыхэм заубгъуэрэ кьекIуэкIауэ кьелъытэ Коларуссэ.

КъэхутакIуэм и лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыкIмкIэ, адыгэбзэмрэ ар зытеужьыкIыжа бзэмрэ зэрымыиндоевропеибзэр, езы индоевропей бзэжьымрэ абы къытекIа бзэ къудамэхэмрэ зэрымыпонтибзэр зэхэмызэрыхьмэ зэрынэхъыфIыр къытригъэзэжурэ щыжеIэ. Абыхэм я зэпыщIэныгъэр куэдкIэ нэхъ куущ, уеблэмэ, индоевропеибзэжьым иджыри ирипсалъэу щыщыта лъэхъэнэм нэхъри нэхъ куущ. ПонтиибзэкIэ Коларуссэ зэджамрэ индоевропеибзэжьымрэ я зэщхьэкIныгъэхэр нэхъри егъэкуу. Коларуссэ къыхь щапхъэхэри гъэщIэгъэунщ:

1. Понтиибзэм къыхехри, «цIыку» къызэрыкI ***a-rga** псалъэм «адыгэ» мыхьэнэхэр зиIэ **adege**, убых **a-dega** псалъэхэр, «лъэпкъ», «жылэ» къызэрыкIа абазэ -**rIa**-, абхъаз -**gaa**- псалъэ лъабжьэхэм «цIыку щхьэхуит» жиIэу къызэрыкIа индоевропеибзэжьым хэт ***aryo-**, абы къытеуэжьыкIа индо-ираныбзэхэм я ***Aryan**, къэжарыбзэм хэт **Iran**, хьэтыбзэм ущрихьэлIэ ***arawa**, пасэрей германыбзэм къыхэщыж **arjostir**, пасэрей альдыжбзэм щыхъума **aristos** псалъэхэм ирегъапщэ. Понтиибзэм щызэфIигъэувэж ***a-r-gho** псалъэми «жылэу зэхэт цIыхубэ» мыхьэнэр кьет. Иджыпрей адыгэбзэм щыхъума хъуащ «цIыку зэхэсыпIэ» къызэрыкI «аргуэ», «аргуэжь» псалъэхэр.

2. Понтиибзэм хэт «щыблэ» къызэрыкI ***pNa** псалъэмрэ «ехуэхьн» мыхьэнэр зиIэ **-xwa**-псалъэ лъабжьэмрэ «щыблэм къызэщIигъэлыдэн» мыхьэнэр зиIэ убых ***fa** псалъэ лъабжьэм, «пылъэлыхьын» къызэрыкI ***pNe-LeLe-** псалъэ лъабжьэм, адыгэбзэм «техуэн» псалъэм хэт ***-xw-** псалъэ пкъыгъуэм индоевропеибзэжьым ущрихьэлIа «мафIэ лъапIэ» къызэрыкI ***paxwer** псалъэм, а мыхьэнэ дыдэрэ яIэу хьэтыбзэм хэт **pahhur**, **pahhweni**, альыджжбзэм щыхьума **pu:r**, инджылызыбзэм хэт **fire** псалъэхэм ирелъытри, понтиибзэм ***pa-Xwa-r** псалъэр щызэфIегъэувэжа «щыблэр уэн, техуэн» мыИхьэнэр иIэу. Иджы дигу къэдвгъэгъэкIыжыт нарт тхыдэжьхэм хэт Пэкъуэ. Ар ущхьэм щопсэу, щыхуейм уэшх кьерелъэшх, щыхуейм дунейр уэгъум ирегъэубыд, уафэ къэгъэщIыгъэхэр и Iэ илъэ.

Адыгэбзэмрэ тхыбзэмрэ

Индоевропеибзэхэр куэд зэрыхъум и закъуэкъым абы я тхыдэр мащIэми куэдми нэхъ зэфIэгъэувэжкIуафIэ зыщIыр. Нобэ зэрахьэ бзэм иIа щытыкIэ тIорысхэр пасэу тхыбзэр зыIэрагъэхьэу зэратхьфам и фIагъи кьокIуэ, кьыхьечIэу Коларуссэ. Икли, адыгэ-абазэбзэхэм я гугъу щищIкIэ, а бзэхэр зезыхьэу щыта лъэпкъхэм тхыбзэ зэрагъэлъагъуэ, зэратхьфам и фIагъи кьокIуэ, кьыхьечIэу. Коларуссэ. Ауэ, адыгэ-абазэбзэхэм я гугъу щищIкIэ, а бзэхэр зезыхьэу щыта лъэпкъхэм тхыбзэ зэрагъэлъагъуэ, зэрыщытам щэч кьытхрыкIрэкъым. А гупсысэм и щIыхьэту адыгэбзэм хэт **«тхэн»**, **«тхылъ»**, **«тхыгъэ»** псалъэхэр щапхъэу кьеХь, ахэр ауэ сытми щыIэнэщIым къызэримыхьуKIари жеIэ. «Тхыдэ щхьэусыгъуэхэм понтийхэм я тхыбзэр яIэщIи гъэхуами, - гу лъетэ Коларуссэ, - абыхэм я тхэкIэ хабзэхэр пасэрей альдыжбзэм е пасэрей къэжэрыбзэм я тхыбзэм тещIыхьауэ щытагъэнущ».

ЩIэныгъэлIыр пасэрей бзэхэмкIэ дуней псом щыщIэрыIуэ Iэщ IагъэлI Мейер Адриеннрэ гъуазджэм и тхыдэмкIэ профессор Сондерс Дэвидрэ куэд щагъэсын зэрадзлажьэрэ. «Зыми щымышIу», «мыхьэнэ имыIэу», «купщIэншэу» кьалъытэу къекIуэкI тхыгъэжьхэу пасэрей альдж кхъуэщыжьмэ тетхэм я щэхур ящхьахутэу, тетхам кьеджжу Iэжьыгъэ эдрадзэкIащ. КъыззрыщIэкIамкIэ, абы тетт пасэрей адыгэбзэм, убыхыбзэм, абазэбзэм яIа щытыкIэр къызытещ щIэхэр, псалъэхэр, псалъэ зэрыIуГъ гуэрхэр. Мыхьэнэ зимыIэу яIытэу щыта тхыгъэжьхэр понтиибзэкIэ къэпсэлъащ. Ари, езы адыгэ-абазэбзэхэм я щыхьэтIыгъэхэри кьелъытэри, Коларуссэ понтийхэм зи ныбжьыр илъэс 2500-рэ хуэ тхыгъэжьхэр адыгэбзэм IэщIэжужа тхыбзэм и щапхъэу егъэув.

Нарт тхыдэжьхэмрэ дунейпсо мифологиемрэ

Коларуссэ Джон куэд льандэрэ дихьэхыу зэхуэхьэс Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я нарт тхыдэжьхэмрэ пшынальэхэмрэ. Абы теухуауэ лэжьыгъэ зыкъоми иIэщ, тхылъ зыбжани кьыдигъэкIащ. Ди япэ ита нэхъыжьыфIхэм я фIыщIэри игъэкIуэдыркъым къэхутакIуэм. «Сыт и уасэ «Нартхэр» фIэщыгъэм щIэту Хьэдзгъэлl Аскэр кьыдигъэкIыгъауэ щыта томиблым хуэдэ уиIэныр. Ар хьугъуэфIыгъуэшхуэщ. Сэри нартхэм ятеухуа Iуэрыуатэ зыкъом зэхуэсхьэсын сльэкIащ, си Iыхьэ хэлъщ», - жеIэ гушхуэу Коларуссэ Джон.

ЩIэныгъэлIым нарт эпосым щыщ тхыдэжьхэмрэ пшынальэхэмрэ зэхуихьэса кьудейкъым, ахэр абы инджылызыбзэкIэ зэридзэкIри, текст къэсыхуи еIуэлIапхъэ шэщIэхэр хуищIыжащ. Ахэр абы томитIым щызэхуэхьэсауэ кьыдигъэкIащ, зым адыгэ-абазэхэм я текстхэр иту, адрейм осетин текстхэр щызэхуэхьэсауэ. Коларуссэ зеумысыж зэдзэкIыныр Iэзу тыншу зэрыщымытамкIэ. «Зы адыгэбзэ псалъэм кьикIыр инджылызыбзэкIэ къэпIуэтэныр, дыкъуакъуэрэ зэщымыщхьурэ кьыхэмыкIыу, езы адыгэбзэ текстым и фащэри мыкIуэду зэIупщэныр гугъу и гугъуэт. ЕдгъэкIуэкIа лэжьыгъэм мыхьэнэуэ иIэр ар зыпльэсыныхэращ жызыIэфынур», - жеIэ къэхутакIуэм.

Нарт эпосыр зы лъэхъэнэм къыдзунэхуа Iуэрыуатэу зэрыщымытыр, атIэ абы узыщIыкIэлIэ сюжетхэр кьат-кьаткIэрэ зэтрихьэурэ къызэрекIуэкIам и гугъу щыгъуэ Коларуссэ и тхылъым. «Языныкъуэхэр тIорысэ дыдэщ, илъэс миниТI-минищ ипэкIэ къэунэхуауэ, - етх абы, - языныкъуэхэри щIалэ дыдэщ, илъэсищ зыбжанэ нэхъ нэхъыбэ мыхъуу. Абы къеГъэлъагъуэ зэпосыр адыгэ-абазэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр къыщаIуатэ, я дуней лъагъуKIэр зыкъухуэнэ Iэмалу къаззрыдекIуэкIар».

НахъапэкIэ и ущхьэфэ иIэбэу щытауэ арамэ, Коларуссэ нарт эпосым дищIа лэжьыгъэм ар дунейпсо мифологиемрэ Iуэрыуатэмрэ зэрепха щыкIэр щэщIауэ къеГъэлъагъуэ. Пльэпкъ куэдым зэдай сюжетхэри мотивхэри зэрыхэтыр къыхегъэщри, адыгэ-абазэ пльэпкъхэм я къэгъэщIыгъуэ дунейпсо мифологием хьыхари утыку кьрехьэ. Коларуссэ хуэзфIэкIащ Кавказым къыщыунэхуауэ щытыгъэ цивилизацэм и лъэужьхэр нарт тхыдэжьхэм къызэрыхэнари сэтей къыщIын. Нарт эпосым щелэжьыну, Коларуссэ индоевропей бзэжьымрэ понтиибзэмрэ жыжьэу зэрызэупкъуэщIыну щыхьэт текIуэ хуэдэ куэд къыхуитуэ жеIэ, арыххэуи нартхэм яхуищI пщIэр къызэрымыкIуэу инщ.

Коларуссэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэм зэгъэпщэныгъэ куэд дыдэ хэлъщ. Апхуэдэу абы Прометейрэ Циклопрэ ятеухуа мифхэм хэухуэна мотивхэр абыхэм къызэращтар, ахэр адыгэ мифологием къызэрыжьхIам и щыхьэтхэр утыку кьещI. Адыгэ и цIэу хэт зымыщIэр Нэсрэн ЖьакIэрэ Иныжь нэ закъуэмрэ я хьыбарыр.

ХьилагъкIэ къыхэщ нарт Сосрыкуэ, пэжым сыт щыгъуи и лъыхъуакIуэ Бэдынокъуэрэ Бэтрэзрэ, лъхурэм и гуащэ Сэтэней, ныбжькIэ езым нэхъри куэдкIэ нэхъыщIэ къэзыщIа Уэзыр-мэс, текIуэныгъэр сыт щыгъуи зи Iэдэж Псэтын сымэ епха миф мотивхэмрэ сюжетхэмрэ расей славян, индо-ирий икIи герман мифологием уаззрыщIыщIэнум и щапхъэ хъарзынэхэр Коларуссэ и къэхутэныгъэхэм къыщIэкI. Апхуэдэ зэщхьэщIэныгъэлIым индоевропей бзэжьымрэ понтиибзэмрэ зыуэ щыщIта лъэхъэнэм кьыдежьэу хуегъэфащэ.

Зыуэ щыт тхыбзэмрэ лъэпкъ щIэжьымрэ

Лъэпкъ щIэжьм и инагъыр бзэм и щытыкIэмкIэ къыпхуэщIэнущ. «Адыгэм и щIэныгъэмрэ и щэнхабзэмрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм щыщу кьилъытэмэ, а псор и бзэкIэ къызэриуэтэнум икIи зэрихьэмэнум иужь итынущ», - жеIэ Коларуссэ. Адыгэ псэлъэкIэхэм ящыщу литературэбзэм и лъабжьэ хъун хуейм-кIэ адыгэхэм я зэхуаку нобэ илъэныкIэ адыгэбзэм я щыгъуазэщ. «СызэреплъымкIэ, тхыбзэ хабзитI зэфIэувэу хъарзынэу зауэ. Зыр Кавказым и КъухьэпIэм щыпсэу адыгэхэм зэрахьэ къэбэрдей-шэрджэсы-бзэкIэ зэщхьэщ, адрейри Къэзакlыпlэмкlэ щызекIуэ кIахэбзэращ. Тlуми зыкъ, тlури къызэдэгъуэгурыкIуэ хъунущ. Ауэ Iэмалынщэу зы бзэ щыIэн хуейуэ лъэпкъым иукъудиймэ, сэрамэ, нэхъ гугъу дыдэр къыхэсхынт - шапсыгъыбзэр е бжьэдыгъубзэр. Мыр си еплъыкIэщ, щIэныгъэ еплъыкIэу сыхэплъэуи къыщIэкIынущ. Псалъэм щхьэкIэ, бзэм ирипсалъэм зэригъэзэхуэн хуейкъым жиIэр е къипсэлъыр апхуэдэу щIыжиIэр е къыщипсэлъыр. Зэрыщытым хуейр ещIэри аращ апхуэдэу щIыжиIэр е къыщипсэлъыр. Бжьэдыгъубзэм пэзгъуэн къэбгъеибзэм ирипсалъэм езым и къэпсэлъыкIэм темыхуэ жыIэкIэ лIэужьыгъуэгъэ къемызэгъ гуэру е пхэнжу къиплъытэнурэ, къиГъэсэбэпныр езым и диалектыращ. Ар елIэлIэнукъым бжьэдыгъум и жыIэкIэ хабзэхэм, тхыбзэр игъэIэкIуэлъакIуэу щытми. Апхуэдэ щапхъэхэр щыгъунэжщ урысыбзэм щегъэжьауэ инджылызыбзэм щыщIитIыкIыжу. Нэхъ нэрылъагъу хъун щхьэкIэ, инджылызыбзэм ирипсалъэхэм «w»-м кьиГъэлъагъуэ макъыр «write» икIи «what» псалъэхэм зэрыщыIур щапхъэу къэтхынщ. Ялэ псалъэм ар «rayt» щохъу, етIуанэм дежкIэ «wat»-у укъоджэ. Апхуэдэ зыгъэщ къыщIынур зыуэ щыт тхыбзэ адыгэхэм зыIэрагъэхьэми. Абы щэч хэлъкъым».

Коларуссэ къыхьа щапхъэм ипкъ иткIэ бжьэдыгъубзэмрэ къэбгъеибзэмрэ бзэ зэпэщхьэхуэу къызэримылъытэми трегъэчыныкъым. «Зэми согупсыс абыхэм португалыбзэмрэ испаныбзэмрэ е нидерландыбзэмрэ нэмыщэбзэмрэ яIэ зэщхьэщыкIыныгъэм хуэдиз яIэу къэпльытэ хъунущ, зэмм, ари дэлъу къыщIэкIынкъым, жызоIэ, - йогупсыс Коларуссэ. Хэбгъэзыхьапэмэ, арауэ къыщIэкIынущ нэхъ сыкъызыетеувIэри, сыту жыпIэмэ, зы лъэпкъыщIэ зэрахьэ, зы бзэ ирипсалъэу жаIэ. ЩыIэр зы адыгэбзэщ, жыслэнт, фIыуэ зэщхьэщыкI диалектхэр иIэу: къэбэрдеибзэ, бесльэнеибзэ, хьэтыкIуеибзэ, бжьэдыгъубзэ, абазэбзэм хызогъэхьэ. Ар къэлъытауэ, мыр букъуэдий хъунущ: зи цIэ къисIуахэр псори зы лъэпкъыу нобэ къадэгъуэгурыкIуэ адыгэбзэмрэ щымыIэж убыхыбзэмрэ ирипсалъэу къеIуэкIуэ».

Ныбжьэгъу сиIэщ, Оксфорд университетым щригъаджэу. Зэгурым и абы и тхылъ тыгъэу къыхсхуГъахьат. ФIыщIэ хуэсщIыжу нарт тхыдэжьхэм ятеухуауэ хэщдзгъэкIагъащIэ тхылъыр кIэщIуи хуезгъэхьижат. Еджа нэужь хьыбар кьызитат нартхэр тельыджэлажьэ кьызэрыщыхьуар. Апхуэдэ хьыбар къэуIэтэкIэр щIэщыгъуэ дыдэу къызэриIыпIэр, дунеймкIи ар гъэщIагъэуэн дыдэ зэрыхъунур. Кавказым и кIуэщIым къихьуакIа нартхэм я бзэр, адыгэбзэр, уэрэд мыуэрыкIыжу, дунейм щыIун хуейщ, жиIат.

Хэкужь щалъытэ, хамэщI щахутэ адыгэбзэм къаруушхуэ иIэщ, зыхэтщIыкIын хуейуэ аращ.

«ФIыщIэ жыг хуэсапхъэщ», жаIэ адыгэхэм. Апхуэдиз лъытэныгъэ адыгэм къыхузиIэ щIэныгъэлIым и цIэм пщIэ хуэщIын, лъэпкъыми игъэпэлIэн зэрыхуейм щэч кьытетхэжкъым. И гугъщIэр хуримкIуэу зыщIэхъэзпс псори кьыдэхъуну, адыгэбзэм теухуауэ ирихьэкIлажьыгъэхэр дунейм кьытехьэрэ щIэныгъэм зэрыхуэщхьэпэр ильагъуу ди япэ уэшIзу куэдрэ итыну дыхуохъуахъуэ нэхъыжьымкI!

ТАБЫЩ Мурат.



Нарт эпосыр. Адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я пасэрей мифхэмрэ тхыдэжьхэмрэ



Нарт эпосыр. Осетинхэм я пасэрей мифхэмрэ тхыдэжьхэмрэ

Кавказ лъэпкъхэм я нарт тхыдэжьхэр

Къэбэрдей адыгэбзэм и грамматикэр



Кавказ Ищхьэрэм и бзэхэм ятеухуа щIэныгъэр. Абазэ-абхъаз текстхэр

Кавказ Ищхьэрэм и бзэхэм ятеухуа щIэныгъэр. Фонологием епха къэхутэныгъэхэр

Кавказ Ищхьэрэм и бзэхэр (адыгэ-абазэбзэхэр)

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунитынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыпатъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 1.938
Заказ №1319